АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№20 (10014)

РУЗМАН

20 май 2022 сон

19 ШАВВАЛ 1443 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ХIукуматалъул вакилзаби нилъер районалда

**Россиялъул халкъазул маданияб ирсалъул сонлъун бихьизабун бугеб 2022 соналъ, хIукуматалъул кIвар буссун буго халкъазул миллияв гIадатал, тарихалъул ва маданияталъул памятникал, этнокультурияб рахъалъул батIи-батIиял тайпаби, миллияб хаслъи ва халкъияб махщел цIуниялде.**







Гьелъул мурадалда 14 маялъ нилъер районалде щвана ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулезул къокъа. ХIалтIул сапаргун районалде щвана ДРялъул халкъияб собраниялъул председателасул заместитель Камил Давдиев, ДРялъул маданияталъул министр Зарема Бутаева, ДРялъул халкъияб собраниялъул маданияталъул, гIолилазул ишазул, спорталъул ва туризмаялъул комитеталъул председатель Мурат Пайзулаев ва цогидал.

Районалъул бетIер МухIамад ХIасановас ва районалъул маданияталъул, спорталъул, туризмаялъул ва гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ГIабдулгьафур ГIабдулмухIамадовас федералияб кIвараллъул маданияб нахърателалъул объект- Датуна насраниязул килисалда гьабуна гьалбадерие лъикIаб дандчIвай.

ХIалтIул сапаргун нухмалъулезул къокъа щвана Хучада росулъ «Культура» нацпроекталда рекъон къачIараб клуб рагьиялъул официалияб бутIаялде. Араб соналъ гьеб клуб цIигьабун къачIана ва техникияб рахъалъ хьезабуна.

Байрамияб тадбиралда, гьединго, гIахьаллъи гьабуна районалъул нухмалъулез, маданияталъул хIалтIухъабаз ва росдал жамагIаталъ. ЦIигьабураб маданияталъул кIалгIа рагьиялъул хабар жамагIаталъ кIудияб рохелгун къабул гьабуна -гьеб буго творческияб рахъ цебетIезе, рекIелгъей щвезе ва мустахIикъаб хIалалъ жидехъе щварал гьалбал къабул гьаризе рес рекъей.

Баркиялъулаб кIалъайги гьабун, районалъул бетIерас баркала кьуна росдал жамагIаталъе ва клубалъул ремонталъулал хIалтIабазда гIахьаллъаралщиназе.

Хадубккун, хIукуматалъул вакилзабигун районалъул нухмалъулел щвана, 2019 соналъ, «Культура» нацпроекталда рекъон капиталияб ремонт гьабураб ТIидиб маданияталъул кIалгIаялде. ХIурматияв гьалбадерие берцинаб дандчIвай гьабуна «Гьидалъ» фольклорияб ансамблялъ.

Гьенисан къокъа щвана ГIурада генерал-полковник М.Танкаевасул цIаралда бугеб музеялде ва гьебго нацпроекталда рекъон ремонтал байбихьунругеб маданияталъул кIалгIаялде.

(Ахир 2-леб гьум.)

# Ункъго камаз рищниялъул цIуна

**Маданияталъул рахъалъ гуребги цогидал бутIабаздаги жигараб ахIвал-хIалалда ана ахирисел гIодоркъоял нилъер районалъе. ТIабигIат бокьулелщинал ва гьелъул тIалабалде кIвар букIин бихьизабулелщинал данделъун рукIана 14 маялъ ГьоцIалъ ГЭСалъул хIор бацIцIад гьабизе.**



Нилъеда киназдаго бихьухъе, гьеб хIор ахирисел саназ лъугьун буго АваргIурул расалъуда ругелщинал росабазул «мусоралъул полигонлъун», цIадаз-иххаз босун унеб буго гIурулъе гIадамаз тIалаб гьечIого тарабщинаб рищни-къул.

Гьеб хIоралда ва республикаялъул цогидал ГЭСазда субботникал гIуцIун рукIана ДРялъул ТIабигIаталъул министерствоялъул жигараб байбихьиялда гъорк «Россиялъул лъим» абураб акциялда жаниб.

Районалъул бетIерасул заместитель ГIабдуразакъ Рамазановасул нухмалъиялда гъоркь, нилъер районалъул кIикъогоялдаса цIикIкIарав чи вугеб къокъа гIахьаллъана гьеб субботникалда. Гьединго, гьенир гIахьаллъи гьабуна ДРялъул ТIабигIаталъул министр Ибрагьим Ибрагьимовас, министерствоялъул хIалтIухъабаз, Хунзахъ районалъул бетIер НурмухIамад Задиевас ва хундерил вакилзабаз.

ГIаммгьабун цIакъ гIемерав чи вакIарараб ва гIемераб хIалтIи гьабураб субботник ккана гьеб. ГьоцIдерил ГЭСалъул хIор ва гIагарлъухъ бакI бацIцIад гьабун нахъе баччана ункъго камаз рищниялъул.

БакIарулеб бакIалда гуреб, чороклъи гьабуларелъуб букIуна рацIцIалъи. Аллагьас жидее кьун бугебщинаб нигIматалъул ва берцинлъиялъул къимат гьабизе лъаларел чагIазул хIалтIи буго сверухълъи чорок гьаби.

ТIабигIаталда рацIцIалъи цIуниялде ахIулел руго киналго районцоял райадминистрациялъ. Хасго, гьари буго, гIурул рагIалде мусор багеян!

**ТI. МУХIАМАДОВ**



■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# ХIукуматалъул вакилзаби нилъер районалда




(Байбихьи 1-себ гьум.)

Цере рехсарал росабалъ гьарурал хIалтIабазе къиматги кьун, ва жакъа къоялъ гьарулел ругел хIалтIабазулги хал гьабун, хIукуматалъулаб делегация щвана райцентралде. ХIебда маданияталъул кIалгIаялда националияб ретIелгун «гьидерил карщ» кьурдулез ва зурма-къалиялъул бакъназ сверун ккуна гьалбал. ДРялъул халкъияб собраниялъул ва маданияталъул министерствоялъул вакилзабазе церерахъинал хIадурун рукIана маданияталъул гьунарчагIаз, ХIебда искусствоялъул школалъул цIалдохъабаз ва ХIебда яслиахалъул гьитIичаз.

Баркиялъулаб цевевахъиналда Камил Давдиевас кIвар буссинабуна Шамил район маданияб ирс ва националияб хаслъи цIуниялъул мисаллъун букIиналде. ХIалтIулаб сапаралъул хIасил гьабун, Халкъияб собраниялъул председателасул заместителас министерствоялъул ва районалъул бетIерасул жигарчилъиялдалъун гьарурал хIалтIабазе цIакъ лъикIаб къимат кьуна.

Гьединго кIудияб разилъи загьир гьабуна ДРялъул маданияталъул министралъги.

- Дида гIемер рагIун букIана нужер районалъул тIабигIаталъул, маданиябгун архитектуриябгун ва тарихалъулаб бечелъиялъул, амма дир хIисабалда Шамил районалъул бищун кIудияб бечелъилъун руго- гIадамал. РакI лъикIал ва аваданал Шамил районалъул гIадамаз кIочонареб асар гьабуна дир ракIее, - ян абуна Зарема Бутаевалъ.

Гьединго гьелъ кIудияб баркала кьуна маданияталъул хIалтIухъабазе, Шамил районалъул творческиял коллективаз республикаялъулал, тIолгороссиялъулал ва халкъазда гьоркьосел даражабазда рихьизарулел мустахIикъал церерахъиналги рехсон.

-Цадахъаб хIалтIи гьабиялъе жигарав, Шамил районалъул бетIер МухIамад ХIасановасеги кьезе бокьун буго баркала. Нужер профессионализм ва кверчIвай нижеда цIакъ лъала. ТIидиб, Хучада ва ХIебда тIуразарурал хIалтIаби, нижеда бихьахъе, гьарун руго кигIанги лъикI ва жиндир болжалалда, - ян тIаде жубана маданияталъул министралъ.

Маданияб ирс цIуниялъухъ ва гIемерсонилаб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ ДРялъул маданияталъул министерствоялъул баркалаялъул кагътал ва хIурматалъул грамотаби кьуна маданияталъул ва библиотекалъул хIалтIухъабазе гьеб къоялъ.








ХIалтIулаб сапаралъул берцинаб ахирлъун букIана Дагъистаналъул гьайбатал бакIазда гьоркьоса цояблъун кколеб басрияб Гьооріб бугеб тарихиябгун архитектурияб памятникалде щвей. Миллияб кванил тепсиги, авадана кечI-бакъанги гьарзаго гIуцIун букIана гьенибги.

ЛъикIаб хIадурлъигун гьабураб данчIваялдаса, районалъул гIадамаздаса, нилъер тIабигIаталдаса ва гьабун бугеб хIалтIудаса цIакъ разиго нахъруссана хIурматиял гьалбал.

**ПатIимат ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIА

# ЕГЭ ва ОГЭ гIагарлъулеб буго

**РикIкIарал къоял хутIун руго районалъул выпускниказе цогоял пачалихъиял экзаменал байбихьизе. Кидаго гIадин, гьел рукIина ХIебда гьоркьохъеб школалда. Гьениб 17 маялда тIобитIана экзаменазул пункт хIадурун бугищали балагьулеб федералияб апробация. Гьенир гIахьаллъана исана обществознаниялъул экзамен кьезе ругел районалъул школазул выпускникал.**



Федералияб халгьабиялде хIадурун руго кабинетал, тIоцебесеб тIалаялда хIажалъи ккани, буго 2 кабинет ва кIиабилеб тIалаялда 1 медицинаялъулаб. Экзаменазул заманалда электрикияб канлъи ани букIине генераторги хIадурун буго. Экзамен кьолеб къоялъ лъезе буго махх балагьулеб ва сотовияб бухьеналъул сигналал тIатинарулел алаталги. Гьединго руго 40 метралъул манзилалда бухьеналъул алатазул сигнал гьоркьоб къотIизабулел алатал.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъ ва щибаб школалъ рахъарал хасал планазда рекъон, исана гIемераб хIалтIи гьабуна цIалдохъаби ЕГЭялде хIадуриялъул рахъалъ. Республикаялъулаб «Дицаго кьела ЕГЭ» абураб программаялда рекъон, тIоритIана ЕГЭ ва ОГЭялда ругел предметазул хIалбихьиялъул экзаменал.

Районалъул щибаб школалда тIоритIана умумулгун цIалдохъаби цадахъал собранияв ва бичIчIизабуна ЕГЭ кьолеб заманалда кинабгIаги кумек щвезе гьечIолъи. Гьединго бухьеналъул алатал цадахъ росизе бегьунгутIи. Кисакибего жидеда хадуб кваранаб халги ккун, кабинетазда видеокамераби хIалтIулел рукIине ругеблъиги баян гьабуна.

ЕГЭ кьеялде хIадурлъиялъул тадбир ана гIуцIадго. Гьабураб хIалтIул хIасилазухъ балагьун, ЕГЭ ва ОГЭ квалквал гьечIого ина.

**Давуд ДАВУДОВ**



■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIА

# Миллиялгун регионалиял олимпиадабазул хIасилал

**Цересел номеразда нижеца баян кьун букIана ТIолгороссиялъул школлъималазул олимпиадабазда бергьенлъаби ва призалъул бакIал ккурал лъималазул. Гьединго, нилъее цIакъ кIвар цIикIкIараллъун руго сонидаса сониде школазда сагIтал дагьлъизарун гурого, квербакъи щоларел нилъерго националиялгун регионалиял предметазул олимпиадаби ва гьенир лъикIал хIасилал ккей.**



Ругъелда гьоркьохъеб школалъул тарихалъул мугIалим ГъазимухIамадов МухIамад цIалдохъабигун.

Цо-цо школазул нухмалъулезул бажариялдалъун магIарул мацIалъул ва нилъерго тарихалъул дарсал щибго гъалатI ва ками ккезе течIого кьолел руго ва лъималазе букIине кколеб лъайгун патриотикияб тарбия щолеб буго. Амма киналго школазда гуро гьеб хIалтIи лъикIаб даражаялда унеб буго. ГIун бачIунеб гIел цIвалде щвараблъун лъугьине рес гьечIо, жакъа националиялгун регионалиял предметазе кигIан дагьаби мукъсанлъи биччани. Нилъер районалда гьеб суал квер хьвагIун тарал школаби ратиларо, амма бищун гьелде кIвар кьураллъун ва тIад хIалтIи гьабураллъун ратана Ругъелда, ТIидиб ва КъахIиб гьоркьохъел школаби.

Лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат Хизроевалъул баяназда рекъон миллиялгун регионалиял олимпиадабазда лъикIал хIасилал рихьизаруна гьал хадур рехсарал мугIалимзабаз ва гьезул цIалдохъабаз:

**Ругъелда гьоркьохъеб школалъул тарихалъул мугIалим ГъазимухIамадов МухIамад МухIамадовичасул** нухмалъиялда гъоркь республикаялъул этапалда Дагъистаналъул тарихалъул олимпиадаялда тIоцебесеб бакI щвана Ругъелда гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан ГIабдурашид ДавудмухIамадовасе, Дагъистаналъул тарихалъул олимпиадаялъул призерлъун вахъана 9 классалъул цIалдохъан ТIайгибов МухIамад МухIамадович, Дагъистаналъул тарихалъул конкурсалъул призалъе мустахIикълъана 11 классалъул цIалдохъан ГьитIинамухIамадова ГIайшат ХIасановна.



КъахIиб гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул мугIалим МухIамадова Рисалат олимпиадаялъул призергун.

**ТIидиб гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим МухIамадова Хадижат МухIамадовналъул** цIалдохъабазги босана 4 бергьенлъиялъул бакI:

Республикаялда авар мацIалъул олимпиадаялда бергьенлъи босана ТIидиб гьоркьохъеб школалъул 11 классалъул цIалдохъан МухIамадов ГIабдурахIманхIажи ГIабасовичас, авар адабияталъул олимпиадаялда бергьенлъи щвана 9-леб классалъул цIалдохъан ХIасанова ПатIимат ГIабдулаевналъе.



ТIидиб гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим МухIамадова Хадижат цIалдохъабигун

Авар мацIалъул олимпиадаялъул призерлъун яхъана 9 классалъул цIалдохъан Алхилова ПатIимат МухIамадовна, авар адабияталъул призер яхъана гьебго ТIидиб школалъул 11 классалъул цIалдохъан ГIумахIмадова ГIайшат Шамиловна.

**КъахIиб гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул мугIалим МухIамадова Рисалат Расуловналъ** хIадурана авар литератураялъул олимпиадаялъул призер КъахIиб школалъул 10 классалъул цIалдохъан МухIамадаминов НурмухIамад МухIамадаминович.

**НИЖЕР МУХБИР**

■ АДАБИЯТ

# Творческияб конкурсалда иргадулаб бергьенлъи

**Фазу ГIалиевалъул 90 сонилаб юбилеялде батIи-батIиял даражабазул гIемерал тадбирал унел руго исана тIолго республикалда. Гьезул мухъилъ мустахIикъаб бакI ккураблъун лъугьана «ХIакъикъат» газеталъ гIуцIараб магIарулазул цIар рагIарай шагIиралъул творчествоялдасан конкурс.**

11 маялъ Р.ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда тIобитIана гьеб конкурсалъул хIасилал гьарулеб тадбир.

ТIаде ахIарал гьалбазда гъорлъ рукIана Дагъистаналъул мустахIикъал шагIирзаби Залму Батирова, ТубхIат Зургъалова, Залму МухIамадова, филологиял гIелмабазул профессор МухIамад МухIамадов, «МагIарулай» журналалъул редактор Баху МухIидинова ва цогидал.

Фазул кучIдул, проза, гьелъул творчествоялдасан пикру цIалиялъул ва Фазуде жидецаго кечI хъвазе номинацияби рукIана рихьизарун. Ункъго номинациялда тIобитIараб конкурсалде 146 видео битIун бачIун букIанин бицана гьеб конкурсалъул гIуцIарухъабаз.

ПасихIго кечI цIалиялъул номинациялда кIиабилеб бакI щвана ХIебда гьоркьохъеб школалъул II классалъул цIалдохъан МухIамад СагIадуевасе. Фазуде жиндицаго ургъун кечI хъваялъухъ гьесие кьуна I-себ бакI.




ЦIакъ берцинго ва гIуцIадго араб конкурсалъул бергьенлъи М.СагIадуевасул буго иргадулаб. Цебеккунги гьединал творческиял конкурсазда гьесул бергьенлъабазул гIемер хъвана нижеца. МагIарул мацIалде ва адабияталде кIудияб гъираги рокьиги загьир гьабулев гIолохъанав гьунарчиясул бергьенлъи босараб кечI кьолеб буго жакъасеб номералда.

**НИЖЕР МУХБИР**

## Къоабилеб гIасруялъул тIегь

*Хунзахъ районалъул Гиничукь росулъ*
*Баккана къоалеб гIасруялъул тIегь;*
*Гьеб жеги бакъвачIо,гьеб жеги буго*
*Инсанасул ракIал гьарза гьарулеб.*
*Жиндирго кьалбалги гъваридго риччан,*
*Авар адабият цIи гьабуна гьель*
*Дагъистан гуребги,Россиялдаго*
*ЦIар рагIана гьелъул”поэтесса”-ян.*
*Гьеб тIогьода цIарги буго ан Фазу*
*Гьеб чIухIигун буго дица абулеб*
*Дагъистаналъул яс урхъулаан ниж*
*Дунялго чIухIараб дур цIаралдаса.*
*Аваразул миллат чIухIизабурай*
*ЧIахъа,Фазу,дур цIар гьаб ракьалда тIад*
*Расул бакь ватани,мун кколаан моцI*
*Санал анагIанги жеги гвангъулеб.*
*Путиница бараб каранда орден,*
*Рохел гурищ кколеб Дагъистаналъе?*
*Гьединай яс йижи, гьаб ракьалда тIад*
*ТалихI гурищ кколеб магIарулазе?*
*Россия чIухIула дур кучIдуздалъун*
*Дагъистан чIухIула дур цIаралдалъун*
*Дур кучIдул цIалана чанги мацIазда*
*Чангияз къулана дуй гIодоб бетIер.*
*Дур кочIол магIнадул тIогь батуларо,*
*ГIакълудал карачел кквезе щоларо;*
*Авар адабият батани, цо гъветI*
*Мун ккола цоялъул, тIад бижараб пихъ.*
*Кьварилъи, гьарзалъи, рохел ва рекъел*
*Рехсей гьабичIеб жо хутIун бугодай?*
*Рагъулаб вахIшилъи, эркенаб заман*
*КочIоль загьирлъичIеб, жо хутIанадай?*
*Фазу, гьаб заманалъ, авар мацIалде*
*Рокьиго тIагIана гьал лъималазул*
*ШагIирзабаз хъварал гьал асаразул*
*Кьимат гьабулев чи дагьав хутIана.*
*АскIой гьечIониги, мун кIоченаро*
*Я авар мугIрузда, я авлахъазда*
*Дур саринал, кучIдул, риччарал тIахьал*
*Даимго цIунила рекIеда жанир.*
*Санал ананиги, ракь тираниги,*
*“Фазу”-ян абураб тIегь бакъваларо:*
*Гьеб бечIараб къоги букIине гьечIо*
*ЧIаго магIарулал ругебгIан мехалъ!*

**ХIебда гьоркьохъеб школалъул**
**цIалдохъан МухIамад СагIадуев**

■ ИНФОРМАЦИЯ ДЛЯ ГРАЖДАН

**Извещение о проведении в 2023 году государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан**

В соответствии со статьями 6 и 11 Федерального закона от 3 июля 2016 г.№237-ФЗ «О государственной кадастровой оценке», постановлением Правительства Республики Дагестан от 17 мая 2018 года №48 «Вопросы Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан « и приказом Минимущества Дагестана от 12 апреля 2022г. №55 «О проведении государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан» в 2023г. Планируется проведение государственной кадастровой оценки зданий, помещений, сооружений, объектов незавершенного строительства, машино-мест, учтенных в Едином государственном реестре недвижимости на территории Республики Дагестан.

Указанный приказ размещен на официальном сайте Министерства по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан https://estate-rd.ru в разделе «деятельность» / «государственная кадастровая оценка».

В целях сбора и обработки информации, необходимой для определения кадастровой стоимости государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (далее –ГБУ РД «Дагтехкадастр»), осуществляет прием документов содержащих сведения объектов недвижимости.

Документы о характеристиках объекта недвижимости подается в ГБУ РД «Дагтехкадастр» или многофункциональный центр предоставления государственных и муниципальных услуг (далее- многофункциональный центр) лично или с использованием информационно-телекоммуникационных сетей общего пользования, в том числе сети «Интернет», включая портал государственных и муниципальных услуг, а также регистрируемым почтовым отправлением с уведомлением о вручении.

**Министерство по земельным и имущественным отношениям РД**

■ ТФОМС ИНФОРМИРУЕТ

# Система ОМС-Порядок защиты прав застрахованного по ОМС

Права застрахованных лиц в сфере обязательного медицинского страхования

Федеральным закон от 29.11.2010 №326-ФЗ «Об обязательном медицинском страховании в Российской Федерации» определены права и обязанности застрахованных по ОМС лиц, согласно которому они имеют право на:

1) бесплатное оказание медицинской помощи медицинскими организациями при наступлении страхового случая:

- на всей территории Российской Федерации в объеме базовой программы обязательного медицинского страхования;

- на территории субъекта Российской Федерации, в котором выдан полис ОМС, в объеме территориальной программы обязательного медицинского страхования;

2) выбор страховой медицинской организации путем подачи заявления в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования;

3) замену страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин, один раз в течение календарного года не позднее 1 ноября либо чаще в случае изменения места жительства или прекращения действия договора о финансовом обеспечении обязательного медицинского страхования в порядке, установленном правилами обязательного медицинского страхования, путем подачи заявления во вновь выбранную страховую медицинскую организацию;

4) выбор медицинской организации из медицинских организаций, участвующих в реализации территориальной программы обязательного медицинского страхования;

5) выбор врача путем подачи заявления лично или через своего представителя на имя руководителя медицинской организации;

6) получение от территориального фонда, страховой медицинской организации и медицинских организаций достоверной информации о видах, качестве и условиях предоставления медицинской помощи;

7) защиту персональных данных, необходимых для ведения персонифицированного учета в сфере обязательного медицинского страхования;

8) возмещение страховой медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации предоставления медицинской помощи;

9) возмещение медицинской организацией ущерба, причиненного в связи с неисполнением или ненадлежащим исполнением ею обязанностей по организации и оказанию медицинской помощи;

10) защиту прав и законных интересов в сфере обязательного медицинского страхования.

Застрахованные лица обязаны:

1) предъявить полис обязательного медицинского страхования при обращении за медицинской помощью, за исключением случаев оказания экстренной медицинской помощи;

2) подать в страховую медицинскую организацию лично или через своего представителя заявление о выборе страховой медицинской организации в соответствии с правилами обязательного медицинского страхования;

3) уведомить страховую медицинскую организацию об изменении фамилии, имени, отчества, места жительства в течение одного месяца со дня, когда эти изменения произошли. В случаях изменения фамилии, имени, отчества осуществляется переоформление полиса;

4) осуществить выбор страховой медицинской организации по новому месту жительства в течение одного месяца в случае изменения места жительства и отсутствия страховой медицинской организации, в которой ранее был застрахован гражданин.

**Порядок защиты прав застрахованных**

В случае возникновения трудностей или отказа в получении бесплатной медицинской помощи по полису ОМС, вы можете обратиться к должностному лицу медицинской организации (главному врачу, заместителю главного врача по лечебной работе или заведующему отделением), в чью компетенцию входит охрана прав и свобод граждан, обратившихся за медицинской помощью в подведомственное ему учреждение.

Если на уровне медицинской организации проблему решить не удалось — обращайтесь устно либо письменно в свою страховую медицинскую организацию, выдавшую вам полис ОМС и, таким образом, взявшую на себя ответственность по защите ваших прав. Для этих целей в каждой страховой компании работают страховые представители, задача которых — сопровождение застрахованных граждан на всех этапах оказания медицинской помощи. Здесь вам предоставят справочную информацию по вопросам ОМС, осуществят информационное сопровождение при оказании медицинской помощи, в том числе профилактических мероприятий, а также защиту ваших прав и законных интересов в сфере ОМС, в случае необходимости организуют экспертизу качества медицинской помощи.

В случае неудовлетворенности работой СМО по вашему вопросу, обращайтесь в Территориальный фонд обязательного медицинского страхования Республики Дагестан: с устным обращением по телефону контакт — центра 8 (800) 2222-905(круглосуточно, звонок бесплатный), письмом непосредственно в адрес ТФОМС РД: 367008, г. Махачкала, ул. Ляхова, 47а , либо заполнив контакт-форму на сайте. Все обращения рассматриваются в обязательном порядке, по каждому случаю дается устный или письменный ответ.

**МАГОМЕДОВ И.С.**
**Главный специалист по защите прав застрахованных (эксперт)**
**Шамильского филиала ТФОМС РД**

■ ЛЪАЗАБИ

**Бичулеб буго мина**

ХIебда росулъ пенсионный фондалда нахъа, кIиабилеб тIалаялда бичулеб буго мина. МухIканлъи цIехезе бокьараз ахIизе бегьула гьаб номералде: 8 989 884-29-05


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидал-ги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул адрес:
РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50